

KISA POU NOU FÈ PANDAN YON ALÈT BOUYI DLO

Yon alèt bouyi dlo se yon anons lasante ki fè konnen ke tout publik lan ta dwe bouyi dlo tiyo yo anvan yo bwè yo. Lè yo pibliye li, publik lan ta dwe sipoze ke dlo an pa bon pou bwè. Enstriksyon ki vini aprè yo ta dwe swiv pou kantite tan alèt bouyi dlo an la.

- **Bouyi dlo.** Plen yon bonm avèk dlo epi chofe li jiskaske ti boul sòti depi anba bonm nan rive anlè. Lè dlo an rive nan bouyi roule an, kite l' bouyi pou yon minit. Etènn dife an epi kite dlo a fre. Vide dlo an nan yon resipyen pwòp, dezenfekte avèk yon kouvèti pou l' ka sere
- **Dezenfekte dlo.** Si ou pa kapab bouyi dlo w' lan, dezenfekte li pito
 - Si dlo tiyo an klè... Ajoute 1/8 ti kiyè (8 gout oubyen anviwon 0.75 mililit) klowòks ou sèvi nan kay ki pa gen sant nan yon galon (16 goblè) dlo. Melanje li byen epi rete tann 30 minit oubyen plis anvan nou bwè li. Ranje dlo ki dezenfekte yo nan yon resipyen pwòp, dezenfekte avèk kouvèti
 - Si dlo tiyo an twoub... Filtre dlo an itilize yon twal pwòp. Ajoute 1/4 ti kiyè (16 gout oubyen 1.5 mililit) klowòks nou sèvi nan kay ki pa gen sant nan yon galon (16 goblè) dlo. Melanje li byen epi rete tann 30 minit oubyen plis anvan nou bwè li. Mete dlo ki dezenfekte yo nan yon resipyen pwòp, dezenfekte avèk yon kouvèti
- **Dezenfekte resipyen yo .** Prepare yon solisyon dezenfektan nan melanje yon ti kiyè (5 mililit) klowòks nou itilize nan kay ki pa gen sant nan yon ka (32 ons, 4 goblè oubyen anviwon yon lit) dlo. Vide solisyon dezenfektan sa a nan yon resipyen pwòp pou sere epi byen sekwe l', asire w' ke solisyon an kouvri tout anndan resipyen an. Kite resipyen pwòp pou sere an poze pou pi piti 30 segonn, aprè sa vide solisyon an deyò resipyen an. Kite resipyen vid lan seche nan lè a OUBYEN rense li avèk dlo pwòp ki te dezenfekte deja, si posib. Pa janm melanje klowòks avèk amonyak oubyen lòt dezenfektan. Ouvè fenèt avèk pòt yo pou lè fre ka rantre lè n'ap itilize klowòks
- **Filtè dlo.** Bouyi dlo tiyo yo menmsi li te filtre. Prèske tout kizin avèk kèk lòt filtè dlo nan kay yo tipikman pa elimine bakteri oubyen virus yo
- **Prepare avèk kuit manje.** Lave tout fwi avèk legim yo ak dlo bouyi ki te poze oubyen boutèy dlo. Kite dlo a bouyi pandan yon minit anvan ou ajoute manje w'ap kuit lan. Itilize dlo bouyi lè w'ap prepare ji, sa gen ladan l' kafe, te ak limonad. Lave sifas kote w' pral prepare manje an avèk dlo bouyi
- **Bay ti bebe manje avèk itilize lèt matènize .** Kontinye bay tete si posib. Si alètman pa yon opsyon, itilize lèt matènize ki prêt a sèvi lè sa disponib. Prepare lèt matènèl an poud oubyen konsantre avèk dlo nan boutèy. Itilize dlo bouyi si ou pa genyen dlo nan boutèy. Dezenfekte dlo pou lèt ti bebe a si ou pa kapab bouyi dlo w' lan. Lave epi dezenfekte bibon avèk tetin yo anvan yo itilize. Si w' pa kapab dezenfekte bibon yo, eseeye itilize bibon ki ka itilize yon fwa, prêt a sèvi yo
- **Glas.** Pa itilize okenn glas ki sòti nan plato glas yo, dispansè glas oubyen distribitè glas yo. Jete tout glas kite fèt avèk dlo tiyo yo. Fè lòt glas avèk dlo bouyi oubyen dlo nan boutèy
- **Benyen avèk pran yon douch.** Fè atansyon pou nou pa vale okenn dlo lè n'ap benyen oubyen pran yon douch. Pran prekosyon lè n'ap benyen ti bebe avèk jèn timoun yo. Konsidere benyen yo avèk eponj pou redwi chans vale dlo an
- **Bwose dan.** Bwose dan nou avèk dlo bouyi oubyen nan boutèy. Pa itilize dlo tiyo ki pa trete



● **Lave asyèt yo.** Machin pou lave asyèt yo nan kay la an jeneral si pou nou itilize si dlo a atenn yon dènye rense a yon tanperati pou pi piti 150 degre oubyen si machin pou lave asyèt yo genyen yon sik dezenfektan. Pou lave vesò yo a la men, lave epi rense vesò yo menm jan ou konn abitye lave yo an itilize dlo cho. Nan yon lòt kivèt, ajoute yon ti kiyè klowòks nou sèvi nan kay ki pa gen sant pou chak galon dlo cho. Tranpe vesò ki rense yo nan dlo an pandan anviwon yon minit. Kite vesò yo seche konplètman nan lè an

● **Lesiv.** Pa gen okenn pwoblèm pou nou fè lesiv nòmalman

● **Bèt.** Bèt domestik yo kapab atrape kèk nan maladi yo menm jan avèk moun. Li se yon bon ide pou ba yo dlo bouyi ki te fè yon ti poze

● **Lè alèt lan leve...** Kite dlo vide nan tout tiyo ou yo pou w' kapab netwaye wobinè yo. Distribitè dlo avèk glas nan frijidè yo bezwen netwaye tou; swiv enstriksyon fabrikan an

Pou plis enfòmasyon sou sekirite dlo pou bwè, vizite www.cdc.gov/healthywater

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MarylandOPR

 twitter.com/MDHealthDept

*Information adapted from the Centers for Disease Control and Prevention Drinking Water Advisory Toolbox,
<http://www.cdc.gov/healthywater/emergency/dwa-comm-toolbox/index.html>.*



MARYLAND DEPARTMENT OF HEALTH
Office of Preparedness
and Response

Updated 04/2019